

REZIDAN "NORWICH" YO  
\*\*\*ENFOMASYON SOU FATRA AK RESIKLAJ\*\*\*

ORÈ RANMASMAN FATRA AK RESIKLAJ PANDAN JOU FÈT – 2010

Si jou koleksyon nòmal ou-a rive nan yonn nan jou fèt sa yo ki ekri anba-a, nou va pase pran Fatra ak Resiklaj ou yo nan jou swivan-an. Tout jou koleksyon diran yon jou fèt, va ranvwaye pou jou ki va vini aprè-a. Sa ka menm mande pou yon koleksyon yon Samdi pandan tout semen fèt yo.

Ane Nouvèl	1 Janvye	Jou Travay 6 Septanm
Jou Memoryal	31 Me	Jou Aksyon de Gras 25 Novanm
Jou Endepandans	5 Jiyè	

Tanpri, sonje ke se a sizè (6) nan maten nou pase pran bokit fatra ak bwat resiklaj yo. Nenpòt bwat fatra ke yo mete deyò anreta ap oblije rete, nou pap ka retounen vin ranmase yo.

**NÒT:** Bokit fatra yo pa dwe peze pi plis ke senkant (50) galon oubyen senkant (50) liv. Eksepte si ou te deja fè aranjman avèk bwotè-a. Bokit fatra yo dwe kouvri byen pou dlo lapli pa rantrè lan bokit la pou li pa depase pwa nòmal li. Nou va kite tout bokit fatra ki peze plis pase pwa nòmal yo, e nou va mete yon etikèt sou yo ki va esplike pou kisa nou kite yo.

BAGAY KI KA RESIKLE

OU PA BEZWEN SEPARÈ BAGAY KI RESIKLE YO. OU KAPAB METE YO TOUT NAN YON SÈL VESO. F. E. Crandall pase pran fatra nan Vil la (TCD) avèk nan Distrik-la (CCD). Menm jou nou pase pran fatra yo se menm jou sa nou pran resiklaj yo. Men ki materyèl nou aksepte kom resiklaj:

Boutèy ak Mamit (Tanpri rense yo)

Papye Aliminyòm ak kabare  
Mamit an metal ak kouvèti yo  
Veso manje an vit/vè, tout koulè/gwosè (pa bay vè ki kraze)  
Plastik klè #1 refere nan kòd ki anba (soda, gallon lèt & dlo)  
Plastik koulè #2 (kou-l pipiti pase kò-l)  
Ji (Tanpri retire chalimo-yo epi plati-yo).  
Katon lèt, katon ji (plati-yo)  
Plastik # 1 a 7

Pwodui an Papye

journal, magazin, lèt ou pa bezwen, papye ofis, katalòg, "chipboard", katon ze, liv, sachè an papye, liv telefòn, katon sereyal (retire plastik ki andedan). Bagay sa yo dwe nan yon sachè maron ki fèt an papye oubyen se pou-w mare yo ak yon fil mete yo arebò veso resiklaj ou-a

Bwat Katon

Se pou-w plati bwat katon yo epi mete yo anba veso resiklaj koulè ble-a. bwat katon yo pa dwe pi long ke 3 pye, yo dwe pwòp, san kras manje ak tach lwil. Si-w genyen plizyè moso katon, ou dwe mare yo ansanm. (Tanpri mete bwat katon ki sal/tòchonnen yo nan fatra regilyè yo, tout katon ki sal tankou bwat piza.)

Ou kapab vin pran yon veso resiklaj an koulè ble nan Depatman Travo Piblik la ki sitiye nan "50 Clinton Avenue" oubyen nan estasyon Tranfè-a ki chita nan 73 Rogers Road. Nenpòt kesyon, tanpri rele nan nimewo sa 860 823-3798.

*An ka tanperati-a ta sevè anpil, resiklaj la kapab ranvwaye oubyen anreta. Tanpri tande estasyon radio WICH-la pou plis detay oubyen rele nan nimewo sa 860 823-3798 pou enfòmasyon.*

RESIKLAJ POU BATRI/PIL

Ou kapab pote telefòn pòtab, "Nicad", Pil "Lithium ak Hydride" dirèkteman nan Depatman Travo Piblik la, ki sitiye nan "50 Clinton Avenue", Lendi jiska Vandredi, de uitè (8) nan maten rive lan katrè trant (4:30) nan aprè midi.

### RANMASMAN TI BRANCH BWA AK FÈY BWA

Vil "Norwich" la ofri yon kalandriye ki endike kilè y'ap ranmase ti branch bwa nan sezon prentan ak otòn, epi kilè yo va ranmase fèy bwa ki nan sachè nan sezon otòn sèlman. Moun kap bwote fatra yo pap ranmase bagay sa yo. Fatra ki genyen fèy bwa nan yo, ap rete. Kalandriye pou Fèy Bwa ak Ti Branch Bwa yo va poste nan jounal "Norwich Bulletin" ak nan sit entènèt Vil-la: [www.norwichct.org](http://www.norwichct.org).

### FATRA KI PRAN ANPIL ESPAS

Vil-la pemèt de (2) ranmasman pa kalandriye anyèl pou bagay ki pran anpil espas yo, pou tout rezidan ki peye pou koleksyon fatra nòmal yo. Tanpri, rele konpayi ki abitye ranmase fatra pou-oua, oumwèn yon semen davans, si-w ta renmen pou yo pase ranmase yon gwo pil fatra ki ka mande anpil espas. "Sterling Superior Services", Town (TCD):860 642-7351, F. E. Crandall Inc., City (CCD):860 536-8487. Mete bagay sa yo bo lari-a. Men ki restriksyon nou aplike:

### PA METE CHIDRAK, "SHINGLES" OUBYEN DEBRI KONSTRIKSYON

#### FOUNITI KAY (ki enkli matla)

Pa mete plis ke (2) Moso  
Bagay an bwa yo, egzanp: chèz, biro kapab depase limit de (2) moso-a. Kapèt yo dwe plwaye nan yon maksimòm de kat (4) pye de long

#### KAWOUTCHOU

Maksimòm kat (4) kawoutchou machin ak/oubyen kawoutchou ti kamyonèt yo pa dwe nan jant metal  
Pa mete kawoutchou gwo kamyon.

#### BAGAY BLAN YO

Pa mete pi plis ke (2) aparèy. (kòm fou, frijidè, è kondisyone)  
Nenpòt bagay ki genyen gas "Freon", egzanp: frijidè, frizè, "dehumidifiers" (aparèy pou imidite).

Va resevwa yon chaj \$10 pou chak gren pou pwoteksyon anviwonman. Moun k'ap ranmase yo-a va pran nèt, epi yo va voye yon bròdo ba-ou.

#### METAL

Longè-a dwe uit (8) pye maksimòm  
Senkant (50) liv maksimòm.  
Pa mete tank propan.

#### TI BOUT BWA

Fè yon pil ki pa depase kat pye (4) lan lajè uit (8) pye lan longè, twa (3) pye lan otè.  
Pa mete "pressure treated wood" bwa ki trete avèk prodwi sa-a ka pran dife fasil.

**SONJE: Volim total fatra (ki pran anpil espas) ou kapab mete deyò pou koleksyon pa dwe depase 6 pye pa 4 pye, pa 10 pye.**

### ROGERS ROAD TRANSFER STATION

Estasyon "Rogers Road Transfer"-a sitiye nan adrès sa-a: 73 Rogers Road, Norwich.  
(telefòn 860 823-3796)

Men lè li opere:

Lendi jiska Vandredi (eksepte jou fèt Vil la obsève yo) Samdi

8:00 maten a 11:00 maten.

8:00 maten a 12:00 aprè midi

12:00 aprè midi, a 2:30 aprè midi

**Ou kapab al depose bagay sa yo ki liste anba-a nan "Rogers Road Transfer Station" – an gratis:**

Fèy bwa

Batri machin

Ti branch bwa (4 pye lan longè, ak 4 pous lan dyamèt)

Vye Lwil ak antifriz

Koupaj Zèb

Anpoul Fliyoresan /tjib ak CFL

Batri "Nicaid"

Fetay metal (aparèy "ki sèvi ak gas Freon"

Elektwonik: Tele, Radyo, Òdinatè,

Yo va resevwa yon chaj de \$10.00)

Rad (tankou chemiz, pantalon etc.)

Tout lòt materyèl yo va resevwa yon chaj \$151.00/tòn pou rezidan. \$173.00/tòn pou komès.

**\*\*\*NOU OFRI REZIDAN YO KAL BWA "WOODCHIPS" POU YO PWOJÈ JADIN YO, KAL BWA YO GRATIS EPI YO PA TOKSIK.**